

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa hal anu penting pisan dina kahirupan saréréa. Aya istilah hadé goreng ku basa, tah istilah éta pakuat pakait pisan jeung fungsi basa anu penting pikeun urang dina komunikasi basa. Dina nepikeun basa lain ngan saukur ku omongan waé, tapi bisa ngaliwatan basa isarah jeung wangun tinulis.

Fungsi basa nyaéta pikeun medarkeun ekspresi diri, salaku alat komunikasi, salaku alat pikeun ngayakeun integrasi jeung adabtasi sosial, jeung salaku alat pikeun ngayakeun kontrol sosial (Keraf, 1984, kc. 3)

Nurutkeun Sudaryat (2003, kc. 9), basa salawasna diwangun ku dua adegan (*struktur*) nyaéta adegan cangkang atawa lahir (*surface structure*) jeung adegan eusi atawa batin (*deep structure*). Basa téh nyaéta beungkeutan sora manusa anu dihasilkeun ku pakakas ucapna kalawan puguh entep seureuhna (*sistematis*) jeung ragam (*konvensional*) pikeun tujuan campur gaul (komunikasi) antara anggota masarakatna. Disawang tina adeganana, ilmu basa sacara gurat badag bisa dibagi tilu bagian, nyaéta tata sora (*fonologi*), tata basa (*gramatik*), jeung tata harti (*semantik*). Tata sora maluruh perkara sora-sora basa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, tata basa dibagi dua bagian nyaéta *tata wangun kecap (morfologi)* maluruh morfem dina prosesna ngawangun kecap, jeung *tata kalimah (sintaksis)* maluruh adegan frasa, klausa, jeung kalimah, sarta *tata harti (semantik)* maluruh perkara harti-harti anu aya dina basa.

Adegan atawa kaédah basa gedé gunana sangkan panyatur basa, kaasup basa Sunda, sangkan henteu salah dina makéna basa. Kasalahan makéna basa réa kapanggih dina tataran basa, nyaéta tataran fonologi, morfologi, jeung sintaksis. Ieu kasalahan téh lumangsuna boh lisan, boh tulisan.

Kasalahan basa muncul lantaran ayana kontak antara basa Sunda salaku basa Indung jeung basa Indonesia salaku basa Nasional atawa jeung basa Asing. Ieu téh terus lumangsung lantaran masarakat Sunda kagolong kana masarakat

Seni Serpiani, 2014

KASALAHAN SINTAKSIS DINA NULIS PANGALAMAN SISWA KELAS VII SMP NEGERI 1 SUKARATU
KABUPATÉN TASIKMALAYA TAUN AJARAN 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dwibasa. Balukarna basa Sunda sering dianggap hésé. Kaayaan kitu téh mangaruhan kana pangajaran basa Sunda. Tina hasil observasi lapangan siswa lolobana sieun salah dina nyarita jeung nulis ngagunakeun basa Sunda. Balukarna dina nyarita jeung nulis maké basa Sunda, siswa masih loba ngalakukeun kasalahan basa.

Nulis mangrupa hiji kaparigelan ngagunakeun basa. Kaparigelan ngagunakeun basa ngawengku opat komponén nyaéta kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Tina péréléan éta ébréh yén nulis mangrupa salasahiji kaparigelan ngagunakeun basa. Atawa nulis téh mangrupa hiji kaparigelan ngagunakeun basa (Nurjanah, 2011, kc.1). Kagiatan nulis téh bisa dipidangkeun dina rupa-rupa karangan, di antarana waé nulis pangalaman.

Dina tulisan sok kapanggih rupa-rupa kasalahan, di antarana kasalahan sintaksis nyaéta dina nyusun adegan kalimah anu bener. Kasalahan makéna basa téh bisa ngabalukarkeun salah harti.

Patali jeung kasalahan basa, kungsi aya sababaraha panalungtikan ngeunaan sintaksis, di antarana waé “Analisis Sintaksis dina Karangan Narasi Siswa SMP Negeri 1 Campaka Kabupatén Purwakarta Taun Ajaran 2007/2008 Mahasiswa Tingkat Akhir Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni Universitas Pendidikan Indonesia (Insani Septy Wulansari 2007)”, eusina medar ngeunaan kasalahan sintaksis dina karangan narasi. Éta panalungtikan aya sasaruuan jeung bédana tina panalungtikan nu rék dilaksanakeun. Sasaruana nyaéta sarua medar ngeunaan analisis kasalahan sintaksis widang kasalahan formasi kalimah aktif jeung kasalahan formasi kalimah pasif. Bédana nya éta tina widang kasalahan anu ditalungtik. Éta panalungtikan téh ngulik kasalahan ngagunakeun kecap pancén jeung kasalahan nyusun unsur-unsur fungsional klausa. Ari ieu panalungtikan ngulik kasalahan formasi kalimah bangbalikan objek (*pengulangan objek*) jeung kasalahan formasi kalimah bangbalikan subjek (*pengulangan subjek*). Dina objek nu digarapna ogé beda, éta panalungtikan téh sumber datana karangan narasi, ari ieu panalungtikan mah sumber datana karangan pangalaman.

Seni Serpiani, 2014

**KASALAHAN SINTAKSIS DINA NULIS PANGALAMAN SISWA KELAS VII SMP NEGERI 1 SUKARATU
KABUPATÉN TASIKMALAYA TAUN AJARAN 2013/2014**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, panalungtikan ngeunaan “Kasalahan Sintaksis dina Nulis Pangalaman Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 20013/2014” masih perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Kasalahan basa téh ngawengku kasalahan fonologis, éjahan, morfologis, sintaksis, jeung léksikal. Sakumaha nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung masalah, ieu panalungtikan téh nyoko kana kasalahan sintaksis anu kapanggih dina karangan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya. Ari kasalahan sintaksis téh ngawengku kasalahan dina tataran frasa, klausa jeung kalimah. Ku lantaran ambahanana lega teuing, ieu panaungtikan diwatesanan kana kasalahan sintaksis dina tataran kalimah. Ari komponen anu digarapna ngawengku (1) kasalahan formasi kalimah aktif (*migawé*), (2) kasalahan formasi kalimah pasif (*dipigawe*), (3) kasalahan formasi kalimah bangbalikan objek (*pengulangan objek*), jeung (4) kasalahan formasi kalimah bangbalikan subjek (*pengulangan subjek*).

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan nu dipedar di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan diébréhkeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- a. Naon waé kasalahan kalimah anu kapanggih dina karangan pangalaman siswa SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya?
- b. Kumaha kasalahan formasi kalimah aktif (*migawé*) nu kapanggih dina karangan pangalaman siswa SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya?
- c. Kumaha kasalahan formasi kalimah pasif (*dipigawé*) nu kapanggih dina karangan pangalaman siswa SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya?

Seni Serpiani, 2014

KASALAHAN SINTAKSIS DINA NULIS PANGALAMAN SISWA KELAS VII SMP NEGERI 1 SUKARATU
KABUPATÉN TASIKMALAYA TAUN AJARAN 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. Kumaha kasalahan formasi kalimah bangbalikan objek (*pengulangan objek*) nu kapanggih dina karangan pangalaman siswa SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya?
- e. kumaha kasalahan formasi kalimah bangbalikan subjek (*pengulangan subjek*) nu kapanggih dina karangan pangalaman siswa SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya?

1.3 Tujuan panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kasalahan sintaksis anu aya dina karangan nulis pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun kasalahan sintaksis dina karangan nulis pangalaman siswa kelas VII SMPN 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya. Ari déskripsina ngawengku:

- a. wanda kasalahan kalimah;
- b. wanda kasalahan formasi kalimah aktif (*migawé*);
- c. wanda kasalahan formasi kalimah pasif (*dipigawé*);
- d. wanda kasalahan formasi kalimah bangbalikan objek (*pengulangan objek*); jeung
- e. wanda kasalahan formasi kalimah bangbalikan subjek (*pengulangan subjek*) nu kapanggih dina karangan pangalaman siswa SMP Negeri 1 Sukaratu Kabupatén Tasikmalaya.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré sababaraha mangpaaat, boh mangpaaat tioritis boh mangpaat praktis.

Seni Serpiani, 2014

KASALAHAN SINTAKSIS DINA NULIS PANGALAMAN SISWA KELAS VII SMP NEGERI 1 SUKARATU
KABUPATÉN TASIKMALAYA TAUN AJARAN 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan basa mangpaat pikeun:

- a. méré nyaho ngeunaan data, informasi, jeung gambaran faktual (saéstuna) ngeunaan kasalahan sintaksis dina karangan nulis pangalaman;
- b. mairan atawa méré kandaga kecap kalawan merenah dina kalimah;
- c. pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan tata kalimah;
- d. pikeun kamekaran élmu basa, jeung
- e. bisa ngeuyeuban panalungtikan nu geus aya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga mangfaat, di antarana waé:

- a. pikeun panalungtik bisa nambahan pangaweruh ngeunaan masalah kasalahan sintaksis;
- b. bisa dijadikeun bahan ajar pikeun kelas VII dina pangajaran nulis pangalaman, jeung
- c. bisa dijadikeun réferensi pikeun nyusun bahan pangajaran tata kalimah Sunda boh keur pendidikan dasar, boh keur paguron luhur.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi dipidangkeun dina lima bab. Bab I ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panlungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori jeung anggapan dasar. Ulikan tiori ngawengku pedaran ngeunaan kasalahan basa jeung nulis pangalaman. Kasalahan basa ngawengku pedaran ngeunaan wangenan kasalahan basa, wanda kasalahan basa, wangenan sintaksis jeung kasalahan sintaksis, frasa, klausa, kalimah, wanda

kasalahan sintaksis. Nulis pangalaman ngawengku pedaran ngeunaan wangenan nulis, wangenan nulis pangalaman, tahap-tahap nulis pangalaman.

Bab III eusina ngeunaan metodé panalungtikan anu ngawengku data jeung sumber data, desain panalungtikan, metodé panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran. Hasil panalungtikan ngawengku data kasalahan sintaksis jeung pedaran.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran.